Toute personne physique ou morale obligée de tenir une comptabilité simplifiée ou complète a l'obligation d'utiliser une machine de facturation électronique agréée par l'Administration fiscale. Pour toute facture non envoyée dans la base des données du système de gestion de facturation électronique de l'Office burundais des recettes (Electronic Billing Management System EBMS) au moment de son établissement, la charge y relative n'est pas fiscalement déductible. Tout contribuable qui ne délivre pas e facture ou délivre une facture autre que celle reconnue par l'administration fiscale alors qu'il en est tenu est passible d'une amende administrative égal à 100% du montant de la facture ou du montant non facturé

3. Obligation de demander une facture à tout achat de bien et service : article 244 de la loi des finances révisée

Au titre de la gestion budgétaire 2025-2026, tout achat de biens et services doit être matérialisée par une facture établie selon le modèle initié par l'administration fiscale. Le bien acheté sans facture établie est confisqué par l'administration fiscale et est remis moyennant paiement par l'acheteur de 20% du prix d'achat. Le taux d'amende prévu à l'alinéa précédent est applicable au prix du service payé sans facture, cette amende est supportée par le bénéficiaire.





Office Burundais des Recettes

« Je suis fier de contribuer à la construction du Burundi »

IJWI RY'UMUTANGAKORI

Ikinyamakuru gitanga amakuru, cigisha, kigahimiriza abatangakori No 035
kigaruka kuvyaranguwe mu gice ca 2 c'umwaka 2025-2026 ni ukuvuga amezi
ya Gitugutu, Munyonyo na Kigarama 2025

Nzero 2026

N° 035



**GUHIMBAZA ISABUKURU IGIRA 10 Y'UMUNSI MUKURU WAHARIWE
UMUTANGAKORI MU BURUNDI KU CIVUGO GISHIMIKIYE
KU GUKORESHA HOSE INYEMEZABUGUZI ZICIYE MU BUHINGA
BWA NONE.**





Ibirimwo

1.Intangamarara	3
2.Ihimbazwa ry'umunsi wahariwe umutangakori nku ncuro igira cumi hariya i gitega ku wa 05 kigarama 2025.....	4
3.Ikiganiro c'ihiganwa cabereye kw'isoko i Gitega.....	7
4.Urubuga ngurukanabumenyi rutanga amakuru ajanye no kworosha urudandazwa ndengambibe bit « Portail d'informations commerciales, PIC ».....	11
5.Gutsimbataza ibiganiro hagati y'ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amategisi OBR n'ihuriro ry'amahinguriro n'urudandazwa CFCIB.....	13
6.Ico amategeko avuga.....	15
7.Mbaza nkwishure	16

Amatariki ntibagirwa :

- 31 Ntwarante 2026 :
- Itariki ntarengwa yo kumenyesha no kuriha ikori ku mazu n'ibibanza bipangishijwe
- Itagisi ryo kumwaka rigenewe gukingira ibidukikije ku bafise ingedeshwa
- Itariki ntarengwa ryo kuriha ikori kunyungu ryo mu mwaka wa 2025

Uruganda rw'ikinyamakuru

Umuyobozi wo kumenyesha amakuru : Stany NGENDAKUMANA

Abanditsi: Lina KANEZA, Chantal GIRUKWISHAKA, Philbert MUSOBOZI
Protais BUGABO & Anastase NDAYIZEYE, MUSAFI Albert na Willy CITERETSE

Abashira mu zindi ndimi: Lina KANEZA, Chantal GIRUKWISHAKA,
Philbert MUSOBOZI
Protais BUGABO & Anastase NDAYIZEYE

Uwujejwe guhinyanyura ikinyamakuru n'amafoto :

Intangamarara


Muri kino kinyamakuru inomeru n.035 y'Ikinyamakuru ijwi ry'umutangakori kiraba igice ca 2 c'umwaka 2025-2026, tugaruka kw'ihimbazwa ry'umunsi mukuru wahariwe Umutangakori mu Burundi wahimbajwe ku ncuro igira cumi ku kibuga ingoma kiri kumurwa mukuru wa Politike i Gitega. Kuva uwo munsi mukuru utangura gushingwa haraheze imyaka cumi ni akaryo keza ko kwirimbura mu mpande zose zirabwa n'itozwa ry'amakori n'amatagisi. Icivugo cashimikiweko muri uyu mwaka akaba ari :»Twijukire ubuhinga bwa none mu rudandazwa urwarirwo rwose, turihe amakori n'amatagisi bijanye, dushike Ku Burundi bwifashe mu 2040 n'Uburundi buteye imbere mu 2060»

Kuva aho gitanguriye gukoresha ubwo buhinga, Ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi mu Burundi OBR, carateye intambwe iboneka mu kwongereza amahera ico kigo gitoza. Ubwo buhinga bwaratumye ikigo OBR gisho-

bora gukurikirana Umutangakori ku mwanya ku mwanya ingene urudandazwa rwiwe ruri-ko ruragenda. Vyaratumye amakori n'amatagisi vyiyongera bituma ndetse haganywa forode n'igiturire kuko vyose bibera kumugaragaro.

Kino kinyamakuru kiragaruka ku bikorwa vyagiye birarangurwa hirya no hino mu gihugu vyo guhimiriza no kwigisha abenegihugu ikoreshwa ry'amashini gasohora inyemezabuguzi ku buhinga bwa none bwemewe n'ikigo OBR hamwe n'amategeko agenga ikoreshwa ryako. Nkuko rero biri mu mategeko Umutangakori wese ashikana imiriyoni 25 ku mwaka abwirizwa gukoresha ako kamashini. Kurahande rw'umuguzi asabwa gusaba inyemezabuguzi igihe cose aguze ikintu gutyo aba atanze umuganda wiwe mw'icungerwa ry'amakori n'amatagisi kuko iryo kori ridaheza ngo ryibwe. Abandi babwirizwa kuba bafise inyemezabuguzi zacye mu kamashini ni abakoresha amafaranga ya Leta bese harimwo n'abatsindira amasoko ya Leta.

Tukaba tuboneyeho akaryo ko kubipfuri-za umwaka mushashwa mwiza 2026. Uzo-babere uw'amata n'ubuki hamwe n' umwimbu mwiza mu migambi yose mwishinze.



IHIMBAZWA RY'UMUSI MUKURU WAHARIWE UMUTANGAKORI KU NCURO IGIRA CUMI KUWA 5 KIGARAMA 2025 KU MURWA MUKURU WA POLITIKE I GITEGA HISUNZWE ICIVUGO GISHIMIKIYE KU GUTANGA INYEMEZA BUGUZI ICIYE KU BUHINGA BWA NONE

Ihimbazwa ry'umunsi wahariwe umutangakori nku ncuro igira cumi hariya i gitega ku wa 05 KIGARAMA 2025. Uwo muni mukuru watan-guye guhimbazwa kuva mu mwaka w'i 2016. Aba ari akaryo ku kigo OBR co kwisuzuma aho kiba kigejeje ibikorwa kiravye umwanzu-ro cihaye. Uwo muni mukuru wisunga na cane cane ishira imbere ry'ubuhinga bwa none. Ixivugo c'owo mwaka kikaba kiri gutya : « Twi-jukire ubuhinga bwa none mu rudandaza urwa-rirwo rwose, turihe neza amakori n'amata-gisi bijanye, dushike ku Burundi bwifashe mu 2040, no ku Burundi buteye imbere mu 2026. » Kuva ikigo OBR gishingwa mu 2009, ihangiro gifise akaba ari gushira imbere ubuhinga bwa none mu kwegeranya amakori n'amata-gisi. Kurubwo, harashizweho ubuhinga ngurukanabumenyi aho muri kino gihe hariho akamashine gasohora uru-papuro ndangabuguzi bita facture électronique isohorwa n'ako kamashini. Ifagitire iyo isohotse ica iboneka ku kibiriraho mu mashini nyabwon-ko y'ikigo OBR. Ubwo buhinga bushasha bu-korera ku mugaragaro bugatuma ata matati menshi acaduka hagati ya OBR n'abatangakori.

Ivyo birori bikaba vyabereye ku kibuga c'umupira In-goma co ku murwa mukuru wa politike i Gitega. Bika-ba vyari bihagarariwe n'umushikiranganji wa mbere Nestor Ntahontuye. Vyari vyitabwe n'abatumire ba-tandukanye barimwo abashingamateka n'abaken-guzamateka, abashikiranganji, abatware mu gisoda n'igipolisi, abarongoye intara hamwe n'abanyagihugu. Umushikiranganji wa mbere akaba yahamagariye abatumire bari aho bese guterera mu kurwaniri-za hamwe urudandazwa rwa magendu na forode. Kuri ubwo Nestor Ntahontuye yabamenyesheje ko kimwe mu muti Reta yashitseko ari umuzo wa ka-rya kamashini gasohora urupapuro ndangabuguzi ku buhinga bwa none. Hano rero, zina mudandaza umwimbu wiwe ushikana imiliyoni 25 ku mwaka akaba ahamagarirwa kurondera ako kamashini. Aba-tangakori bakaba kandi basabwa igihe cose kuronsa urupapuro ndangabuguzi umukiriya bagurishije-ko ikidandazwa. Umukiriya nawe afashwe atasavye urwo rupapuro ndangabuguzi akaba aca atozwa ihadabu ringana 20% ry'igiciro c'ikidandazwa ada-fitiye iyo fagitire. Umushikiranganji wa mbere akaba mw'ijambo ryiwe yarangije asaba abandandaza kwi-cara hamwe kugire begeranye ingorane bahura mu rudandaza rwabo kugira bazoziture abatunganya amategeko gutyo bavyisunge mu gutora umuti wazo.



Kuva ibubamfu tuja iburyo ; Alain Ndikumana, Umushikiranganji w'ikigega ca Leta ; Nestor Ntahontuye, Umushikiranganji wa mbere ; Emmanuel Mbonihankuye, Komiseri Mukuru w'ikigo OBR.



Umushikiranganji wa mbere, Nestor Ntahontuye

Mw'ijambo ryiwe ry'uwo munsu, umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta akaba yaramenye-



Umushikiranganji w'ikigega ca Reta, Alain Ndikumana.

sheje yuko ubu hariho za mashini zisohora urupapuro ndangabuguzi zishika 5000. Alain Ndikumana yasavye abasanzwe barazisavye kwihutira kuzitira. Kugira rero abandandaza nti-habemwo akarenganyo, leta yipfuza ko mu minsi ir'imbere, hoba hashitswe ku gitigiri c'ama-mashini ibihumbi 20. Komiseri mukuru w'ikigo OBR akaba yaramenyeshye yuko umwimbu washitsweko mu mezi atanu ya mbere y'umwaka w'amafaranga ari mwiza. Hakaba hegeranijwe imiliyaridi 1192 hari hitezwe imiliyaridi 1177. Ni kuvuga ku kigereranyo c'i 101%. Emmanuel Mbonihankuye akaba yahamagariye abatangakori bose iyo bava bakagera kuriha amakori n'amata-gisi ku gihe kugira ntibame baguye mu bihano..



Komiseri Mukuru w'ikigo OBR, Emmanuel Mbonihankuye

Icegera c'uwaserukiye urunani ruhurikiyemwo abadandaza CFCIB ariwe Déo Sibomana akaba yatatse asaba yuko ubushikiranganji bujejwe ubudandaji bwoja buraronsa abadandaza batarinze kuruha rwa rupapuro rubaha uburenganzira bwo gukorera ku mugaragaro bita license d'exploitation. Ikindi yasavye n'uko amatagisi atozwa na ma komine yofutwa agatangwa mu kigo OBR honyene. Hama kandi agasaba ishingwa ry'umurwi wo kwiga ingene abadandaza boronswa amafaranga y'agaciro iyo bagira baje kurangura hanze ata nkunzi.



Icegera c'uwaserukiye urunani ruhurikiyemwo abadandaza CFCIB, Déo Sibomana

Uwo munsu mukuru ukaba wari watangujwe n'iyerekana hakoreshejwe imboneshakure (Ecran) y'ihayanisha ry'ibihingurwa hamwe n'ibikorwa n'amashirahamwe ya hano mu gihugu. Icibonekeje n'uko amahinguriro nka yose akora ibiva mu biterwa twirimira. Bivugaga yuko ari ngombwa yuko horwizwa amashirahamwe akora ibindi bintu atari ibivuye mu burimyi vyonyene.



Ayandi masanamu yaranze umunsu



Ikiganiro c'ihiganwa cabereye kw'isoko i Gitega

Mu kiganiro cabereye aho kw'isoko y'i Gitega, carimwo igikino kirimwo ibibazo vyo guhiganwa. Muri ivyo bibazo harimwo ivyerekeye imirimo ya minsi yose y'ikigo OBR, canecane ku bijanye n'akamashini gasohora inyemezabuguzi ku buhin-

ga bwa none nkuko biri mu civugo c'uyu mwaka. Abahiganwa bakaba baratahukanye udushimwe dutandukanye iyo batanze inyishu zibereye.



Ikigo OBR kirahimiriza abadandaza kwijukira gukoresha inyemezabuguzi iciye mu buhinga bwa none mu rudandazwa urwarirwo rwose

Mu rukurikirane rw'ibikorwa vyo guhimiriza no kwigisha ibijanye n'amakori n'amatagisi na cane-cane gukoresha ubuhinga bwa none bita « digitalisation » mu kwegeranya amakori n'amatagisi, ikigo kijejwe gutororokanya amakori n'amatagisi OBR caratunganije kuwa 29 na 31 Gituguru inama nyigisho ku badandaza, abari mu ntware n'abakozzi ba Reta bakoresha amafaranga aya mu kigega ca Reta mu ntara za Buhumuza na Butanyerera. Izo nama zari zigamije gushimangira ubumenyi no gutahura kurusha ibijanye n'ibwirizwa rigenga amafaranga Reta iriko irakoresha uyu mwaka wa 2025-2026, canecane ivyagiye birahindagurika.



Igice c'ishusho y'abari bitavye icyo nama

Mu nama rero za bereye mu Cankuzo na Butihinda mu ntara ya Buhumuza, abatangakori barigishijwe ku bijanye n'ivyo basabwa n'amategeko agenga amakori n'amatagisi mu Burundi. Aha twovugaga ahanini :
- Impapuro n'impusha zibisabwa kugira buri mudandaza atangure igikorwa icarico cose c'ubudandaji ategzwa ku manika aho akorera bese babona ;
- Kwitwararika kuriha itagisi ku vyakoreshejwe (taxe de consommation) ingana n'ibice 5% ku bafise amazu y'uburaro bw'ingenzi (Hôtel) ;
- Kwitwararika gutanga inyemezabuguzi iciye mu buhinga bwa none ku badandaza bese bashikana umwimbu ungana n'imiriyoni 25 ku mwaka ;
- Kwitwararika kumenyekanisha no kuriha amakori n'amatagisi arihwa ku gice ku gice ku batagakori bese batarenza umwimbu ungana na miriyoni 25 ku mwaka ;
Baribukije kandi ko hariho akarusho ku berekanye abariko banyurura amakori n'amatagisi kangana n'ibice 10% vy'agaciro k'ivyari binyurujwe tutibagiye guheberwa amahadabu

abaheraniye OBR baciriwe mugihe barishe ayo basabwa imbere y'itariki 31 Kigarama 2025. Izo nyigisho zashimikiye kandi ku gutunga no gukoresha neza akamashini gasohora inyemezabuguzi iciye mu buhinga bwa none (Facturation Electronique) kugira bashigikire umugambi wo gutanga amakori n'amatagisi biciye mu buhinga bwa none. Aho naho bakaba babasiguriye ineza yo gukoresha akashini n'intambuko zo kugakoresha.



Ishusho yerekana igice c'abari bitavye inama muri commune Cankuzo intara ya Buhumuza

Muri komiya ya Cankuzo, abari mu ntware bitavye izo nama nyigisho barashimye ko hari abadandaza bamaze kuronka utumashini two gasohora inyemezabuguzi biciye mu buhinga bwa none bagasaba ikigo OBR kubabaha hafi kugira babandanye babigisha ingene bukoreshwa . Kuwa 30 Gitugutu, ikigo OBR cagiranye inama n'abaserukirara abadandaza -batangakori b'i Butihinda. Muriyo nama, abo badandaza barashimye ko izo nama zama zitunganywa hafi y'aho bakorera bakaharonkera inyigisho cane cane zibasigurira ibirango vyo kumenyesha no kurihirako amakori n'amatagisi. Mu gusozera urukurikirane rw'izo nama nyishisho, ku wa 31 Gitugutu, abajejwe ibigega mu bisata bitandukanye vya Reta basabwe kwama bitwararika ko ivyo bagura vyose n'abo bariha bakoresha akamashini gasohora inyemezabuguzi yemewe na Reta kandi iciye mu Buhinga bwa none. Iyo ngingo kandi iraba amasoko ya Reta n'ibindi vyose bigurwa bikarihwa uburyo buvuye mu kigega ca Reta.



Ishusho y'igice c'abitavye inama muri kominde Butihinda intara ya Butanyerera

Uwaserukiye Buramatari mu ntara ya Butanyerera yasavye ko abo baserukira ibisata vya Reta bokwitwararika kwama basaba inyemezabuguzi iciye mu kamashini no ku bindi bintu vyose bagura n'ubwo bitoba ivyo batumwe na Reta, gutyo, bashigikire uyo mugambi w'igihugu wo gutoza amakori n'amatagisu biciye mu buhinga bwa none.



Paul Niyonzima, yaserukiye Buramatari w'intara ya Butanyerera muri iyo nama

Uwaserukiye Komiseri mukuru w'ikigo OBR akaba n'umuvugizi w'ico kigo Stany Ngendakumana mw'ijambo ryiwe yashimikiye cane ku kwubahiriza amabwirizwa n'amategeko ajanye n'amakori n'amatagisu na canecane ayari mw'itegeko rigenga amafaranga Reta ikoresha uyu mwaka. Yateye intege abitavye inama kwama begera ahari ibiro vy'ikigo OBR mugihe cose bafise ikibazo c'ikoresha ry'akamashini gasohora inyemezabuguzi mu buhinga bwa none. Twobibutsa ko kugira bafashe abajejwe ibigega mu bisata vya Reta gushira mu ngiro iyo ngingo, ikigo OBR cabahaye urutonde rw'abatangakori bose bafise utwo tumashini kugira ntibazohe isoko uwutagafise hama hageze kuriha ngo biheze bibagore.



Stany Ngendakumana, Umuvugizi w'ikigo OBR

Ikigo OBR gifadikanije n'intwari mu ntara ya Buhumuza gihimiriza gukoresha inyemezabuguzi iciye mu buhinga bwa none mu rudandazwa urwarirwo rwose.

Mu nama yo ku wa 28 Gitugutu ikigo OBR catunganiye ku mugwa mukuru w'intara ya Buhumuza, inama yahuza abajejwe ubutunzi mu bisata bitandukanye bikoresha amafaranga ava mu kigega ca Reta; Umuhanuzi mu biro kwa buramatari ajejwe ubutunzi yasavye abo bese bajejwe ubutunzi mu bisata bitandukanye gufata nk'ama itegeko rigenga amafaranga Reta iriko irakoresha uyu mwaka, mu gushira mu ngiro ibwirizwa ribasaba kwitwararika ko muvye bagura vyose, babanza kuraba ko uwo bashoreye afise akamashini gasohora inyemezabuguzi hama no mu ku bariha, bibuke gusaba fagitire iciye mu buhinga bwa none, n'ukuvuga fagitire isohowe n'akamashini katanze n'ikigo OBR.





Kuva ibubamfu uja iburyo, Umuhanuzi wa Buramatarari w'intara ya Buhumuza ajejwe ubutunzi, Umukozi w'ikigo OBR atoza amakori yo hagati mu Gihugu mu ntara ya Buhumuza

“Kw’amamaza ikoresheya ry’aka ka mashini bitanguriye kuri twe. Ni twanka guha amasoko canke kugurira ibintu ku badandaza badafise aka ka mashini, bizotuma nabo baheba iyo ngendo mbi kuko nabo nyene barakeneye ko ibidandazwa vyabo bisohoka”, Mu nyigisho zatanze, abahinga barasiguye ko, nk’uko biri mw’itegeko rigenga amafaranga reta iriko ikoresheya uyu mwaka wa 2025-2026 mu ngingo yayo ya 234 no mw’ibwirizwa nshikiranganji numero 540/207 ryo kuwa 30/7/2025, ritegeka kwaka ifagitire icyiye mu buhinga bwa none, gutanga ifagitire idacyiye mu kamashini bihanishwa ihadabu ry’ibice 20 ry’amafaranga yaraje kwishyura. Ayo mahadabu aca ashirwa mu kigega ca Reta bicyiye ku ma konti y’ikigo OBR. Abari bitavye iyo nama nyigisho barashikirije amakenga ku bijanye no gushyira mu ngiro iyo ngingo. Aha bavuye nko kugurira ibintu bitobito nko guhomoisha ipine ritobokeye mw’ibara-bara, gukoresheya ibikoresheho vy’isuku vyagize ikibazo, kuriha amafagitire yatanze imbere y’uko iyi ngingo ifatwa, n’utundi tuntu tugurirwa ku badandaza batobato bataragera gukoresheya akamashini nk’imikubuzo, n’ibindi



Umwe mu bitavye inama ariko arabaza ikibazo

Naho biruko, abitabiriyemo iyo nama nyigisho nka bese baremeza ko ivyo bifise akamaro kanini mu kurwanya ubusuma bw’amakori n’amatagisi no kurwiza umwimbu kuko ibikorwa vyose vy’ubudandaji bizoba biboneka muri OBR cokinwe n’amakori n’amatagisi abikomokako. Basaba ko hoshirwaho uburyo n’ubuhinga bwo kugwanya forode zikorwa n’abadandaza bamwebamwe bakoresheya imashini zabo babangikanije iya OBR,

abagabanya n'impaka ibiciro vy'ibidandazwa canke igitigiri c'ivyo badandaje, n'abandi n'abandi. Abo badandaza barakenguruka inyigisho bahawe kuko ubumenyi bahakuye buzotuma batarwa mu makosha yo kutamenya amategeko agenga amakori n'amatagisi nko kudasaba fagitire canke kuyitanga mu gihe badandaje canke baguze ikintu tutibagiye kuyibika ahadata kugira zizofashe abakozi b'ikigo OBR mu gihe c'isuzuma. Umuyobozi ajejwe kumenyesha amakuru aka-

ba n'umuvugizi w'ikigo OBR Stany Ngen-dakumana, mw'izina rya Komiseri mukuru yari yaserukiye, yibukije ko itegeko rigenga ikoresha ry'akamashini ritegerezwa gukurikizwa kandi rigashirwa mu ngiro neza na bose, haba mu rudandazwa, haba mu gusigura amafaranga ahabwa ibisata bitandukanye vya Reta. Yibukije kandi ko kurwanya forode n'urudandazwa rwo mu kinywabi ari umuhamagaro kuri buri muntu wese na cane cane abakorana n'ikigo OBR kandi ko hategekanijwe akarusho ku werekanye amakori n'amatagisi yaranyurujwe kangana n'ibice 10 kw'ijana vy'ayaranyurujwe.



Igice c'ishusho c'abariko barakurikirana inyigisho

Urubuga ngurukanabumenyi rutanga amakuru ajanye no kworoshya urudandazwa ndengambibe bita « Portail d'informations commerciales, PIC »

Kuva ku wa 17 gushika ku wa 20 munyonyo 2025, ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi OBR gifadikanije n'uruganda « Centre du Commerce International, ITC » rubicishije mu mugambi « Mark Up » mu gice cawo ca kabiri, caratunganije inama zo guhanahana ivyiyumviro no kwigisha ku turusho dutangwa mu gukoresha urubuga rutanga amakuru ajanye n'iyorosha ry'urudandazwa ndengambibe bita « Portail d'Informations Commerciales, PIC », aho hari ku mugwa mukuru wa politike wa Gitega hamwe n'umugwa w'intara ya kera ya Muyinga. Ni urubuga rufasha abadandaza basohora canke abinjiza ibidandazwa mu gi-hugu kumenya ibikenewe vyose kugira ngo boroherwe mu rudandazwa rwabo.



I bubamfu, Jean Damascène Bizimana arongoye ubuyobozi bujejwe imigambi mu gisata c'ama duwani, i buryo naho Emmanuella Hakizimana, arongoye umugambi « Mark Up II », mu Burundi.

Nk'uko vyashikirijwe na Emmanuella Hakizimana arongoye umugambi Mark Up mu Burundi mu gice cawo kigira kabiri mu Burundi, uwu mugambi uje

kworohereza abandandaza binjiza canke basohora ibidandazwa kugira bamenye ibikenewe vyose n'ibisabwa kugira urwo rudandazwa ndengambibe rugende neza kandi rukurikize amategeko.

Mubijanye na Duwane, Damascène Bizimana, avuga ko urubuga bita « Portail d'Informations Commerciales » rufasha umudandaza kumenya ku kidandazwa kimwe kimwe inzira acamwo kugira ashobore kugishora mu makungu canke acinjize mu Burundi agikuye hanze. Abo badandaza barusangako kandi amakuru ajanye n'iyi impusha zo kuvyinjiza canke kubisohora zisabirwa, impapuro zitanga impusha mu bisata bitandukanye vy'igihugu, hatibagiwe n'ibisata abo badandaza

bitura kugira baronke ivyo vyose bikenegwayo.

Muri urwo ruganda gwatangujwe n'inama yo guhanahana ivyiyumviro yabereye i Bujumbura mu kwezi kw'umunani, abadandaza bigishijwe kurukoresha na ntaryo kugira ngo birinde gutakaza umwanya n'uburyo kubera ukutamenya ku bisabwa vyose haba mu kwinjiza ibidandazwa mu Burundi canke kubishora mu makungu.

Ku vyerekeye igihugu c'Uburundi, ibidandazwa vyerekewe n'uwo mugambi muri kino gihe ni : amavoka, ikawa, icayi, ibitekezo hamwe n'amavuta ahinguwe mu biterwa.



Ishusho ya bamwe mu bitavye inama yabereye i Gitega

Abitavye izo nama z'amahugurwa no guhanahana ivyiyumviro barakengurukira abateguye izo nyigisho. Basavye ko hoba gushira ku gihe ku mwanya ku mwanya amakuru ari kuri urwo

rubuga hakanubahirizwa ko abakorera mu bisata bitandukanye vy'Igihugu bubahiriza ibiringo biyemeje vyo gutanga vya ngombwa bisabwa iwabo nk'uko tubisanga kuri urwo rubuga.



Isanamu ya bamwe mu bitavye ivyo bikorwa

Gutsimbataza ibiganiro hagati y'ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi OBR n'ihuriro rihurikiyemwo abadandaza CFCIB

Ico gisabo ko hoba ugutsimbataza ibiganiro hagati y'ikigo OBR n'ihuriro ry'abakora urudandazwa CFCIB vyashikirijwe mu nama yahuje abarwizitunga bo mu Burundi kuwa gatatu igenekerezo rya 1 Gitugutu 2025 i Bujumbura mu nyubakwa y'ishure Lycée scheppers ryo mu nyakabiga. Iyo nama yatunganijwe n'ikigo CFCIB kugirango hihwezwe kandi hatorwe inyishu ku bibazo abatangakori bafise. Olivier Suguru asanzwe

arongoye iryo huriro yamenyesheje ko intumbe-ro ari ukugirango hatorwe umuti urama ku bibazo abatangakori bakunze guhura navyo bijanye ahanini n'ishirwa mu ngiro ry'amategako agenga gutanga amakori n'amatagisi. Amenyeshako ikigo CFCIB citeguriye gukorana neza n'ikigo OBR akanagisaba mbere gutunganya amana-ma nkayo incuro zitatu canke zine mu mwaka.



Kuva ibubamfu tuja iburyo, Emmanuel Mbonihankuye, komiseri mukuru w'ikigo OBR ; Olivier Suguru, arongoye CFCIB

Mu bibazo nyamukuru vyashikirijwe, abatangakori bagarutse kw'ikena ry'amafaranga mva-makungu. Mu gihe co kurangura ibidandazwa mu makungu vyinjira mu burundi, bamwe ngo bikora mu mafaranga adandazwa kw'isoko mu-gihe abandi bayahabwa n'ibanki nkuru BRB. Ivyo rero ngo biratuma muri douane abadandaza

badafatwa kumwe kuko ngo amahera y'agaciro atavunjwa kumwe muri ivyo bibanza 2, OBR nayo igaharurira kurugezo ibanki nkuru iyatangako ivyo ngo bigatuma abayagura kw'isoko baca bakora bahomba. Naho biruko OBR ngo ntaco iri buhindure nkuko vyashikirijwe na Emmanuel Mbonihankuye komiseri Mukuru kuko

ico kigo cisunga urugezo rwashinzwe na Leta.



Umwe mu batangakori ariko ashikiriza icyumviro ciwe

Icipfuzo ca CFCIB nuko hokurwaho intambanyi zose ziri hagati ya OBR n'iryo kuriro. Kubwa Olivier Suguru ni akaryo ko guheba akahise kabi katosekaje imigenderanire hagati y'ivyo bigo bibiri. Akaba yiyemeje kurwanya abakora urudandazwa rwa magendo no gushigikira abatangakori b'akarorero bakorera mu muco. Akaba yagiriye ko atanga impanuro ku batangakori ko ibibazo vyabo bokwama babishikiriza inze-

go zibijewe zifata ingingo kugira bitorerwe umuti urama. Ati amategeko arashobora guhinduka mugihe bibonetse ko arimwo utunenge. Kuruhande rw'ikigo OBR, ico kigo kiruguriye abipfuzwa ibiganiro bose. Em manuel Mbonihankuye komiseri mukuru yarabasiguriye neza yuko azokwama yumviriza ibibazo vy'abamwitura bose canecane abarwizatunga hisunze amategeko angenga itozwa ry'amakori n'amatagisi



Igice c'ishusho y'abari bitavye iyo nama

1. Mugihe Umutangakori ahagaritse imirimo aca akora iki ?

Ingingo ya 18 mu mategeko agenga ugutoza amakori n'amatagisi irategukanya ko igihe cose habaye impinduka ijanye n'umurimo wiwe umutangakori aca abishikiriza ikigo OBR mu minsi itarenga Cumi n'itanu 15 habaye izo mpinduka.

Murico gihe ikigo OBR gica gifata umwanzuro kikaraba yuko iyo duka yugaye vyukuri. Bagaheza bagasuzuma ko amakori n'amatagisi yagiye ararihwa neza. Umutangakori agasabwa guca atanga amakori yose asabwa.

2. Mwaravuze yuko mugihe kagize ingorane Akamashini gasohora ama fagitire gakorwa n'ikigo OBR. Tubigenza gute none kugira tubimenyeshe ikigo OBR ?


Ingingo ya 58 y'ibwirizwa rigenga itagisi nyongeragaciro TVA iravuga ko umutangakori adakoresha akamashini nimpaka canke naho akabona ko karwaye ntabishikirize mu kigo OBR mu minsi 3 y'akazi ahanishwa ihadabu y'imiriyoni 3. Mugihe akamashini kahunyagaye ntigakore umutangakori akorera mu ntara zo hagati mu gihugu acayegera ibiro vy'ikigo OBR kimwegereye, abari i Bujumbura nabo baca baja mu kigo OBR mu nyubakwa Emmaus iri mu kigobe. Hakaba hariho n'urwandiko Umutangakori aca yuzuzwa igihe agasubijwe kugira vyorohe mugihe c'isuzuma.

3. Haravurwa ibihano kubantu bose badakoresha neza akamashini gasohora inyemezabuguzi ivyo bihano nibihe ?

Ego cane, ibihano bitegekanijwe birashobora gushikana incuro 100% hatibagiwe no gukurikiranwa biciye mu butungane

Ingingo ya 58 ivugako Umutangakori wese atoza itagisi nyongeragaciro TVA adatanga inyemezabuguzi icye mu kamashini canke yagabanije amafaranga ashira kuri fagitire atangishwa ihadabu ry'ibice 100%

Mugihe ikosa ryisubirije ihadabu rija ku bice 200% Ingingo ya 57 nayo ivugako umutangakori atozwa itagisi nyongeragaciro TVA agaheza agatanga iyindi fagitire atari iyacye mu kamashini, ihadabu atanga ingana n'ibice 100% vy'amahera yadandaje.



Ico amategako avuga...

1. Kwongereza ikiringo co guheberwa ibihano ku batangakori bose barishe kugushaka kwabo ibirarane vy'amakori n'amatagisi

Ingingo 222 mu mpinyanyuro ziri mw'itegeko rigenga amafaranga Leta ikoresha mu mwaka 2025-2026, ikigo Kijejwe Kwegeranya amakori n'amatagisi (OBR) kirongereje ikiringo co guheberwa ibihano ku batangakori bazoba barishe ibirarane vy'amakori n'amatagisi mu mezi atandatu uhereye kw'igenekerezo rya 1/1/2026.

Iyo ngingo iraba n'abaheranye amakori batari bwamenyekanishye imbere yuko iyi ngingo ijaho.

Abatangakori bafise ibirarane bigizwe n'amahadabu gusa bo baca baheberwa ibice 50% vyayo baheranye mugihe bayarishe murico kiringo.

Ariko, ibirarane canke amakori ikigo OBR gica abatangakori inyuma y'igenekerezo rya 1/1/2026 ntarabwa n'ino ngingo.

2. Ni ngombwa gusaba fagitire inyuma y'ubuguzi ubwaribwo bwose : Biri mu ngingo 244 y'itegeko rihinyanyuwe risubiramwo amafaranga Leta ikoresha.

Nkuko biri mw'itegeko rigenga amafaranga Leta ikoresha uyu mwaka ; Uwuguze ikintu ntagisabire fagitire atangishwa ihadabu ry'ibice 20% ry'ikiguzi c'ico kintu.

3. Ababwirizwa gukoresha akamashini gasohora inyemezabuguzi ku buhinga bwa none abaribo : Biri mu ngingo y' 243 y'itegeko rigenga amafaranga Leta ikoresha.

Umutangakori akora ibiharuro vyimbitse canke bisanzwe abwirizwa gukoresha akamashini gasohora inyemezabuguzi ku buhinga bwa none. Uwudatanze ifagitire yemewe n'ikigo OBR acirwa ihadabu ringana n'ibice 100% vy'amafaranga yadandaje.

